



Reyabilitasyon Pwofesyonèl: Éd pou travayè yo retounen travay



Workers'
Compensation
Board

Konsèy Konpansasyon Travayè [Workers' Compensation Board] (Konsèy) Eta New York la gen konseye pou reyabilitasyon pwofesyonèl (vocational rehabilitation counselors, VRC) ki bay travayè ki gen andikap fizik ki sibi domaj yo asistans gratis. Konseye nou yo ede travayè ki sibi domaj sa yo jwenn èd yo bezwen pou yo vin pi endepandan epi pou yo retounen travay.

Byenke majorite travayè ki sibi domaj yo geri nèt epi retounen nan menm travay yo a lè yo jwenn otorizasyon pwofesyonèl swen sante yo, gen kèk ladan yo ki ka gen restriksyon medikal oswa lòt sitiyasyon ki afekte retou yo nan travay. Li ka nesesè pou yo ba yo lòt tach pou fè oswa tach ki lejè nan travay yo pandan y ap kontinye geri oswa pou yo akomode nouvo restriksyon medikal yo. Gen kèk travayè ki sibi domaj ki bezwen fòmasyon ak asistans pou jwenn yon travay ki diferan nèt. Nou ka ede!

Ekip VRC Konsèy la ki trè kalifye ak konpetan anpil:

- Ede chèche epi aplike pou travay.
- Kowòdone travay/fòmasyon pwofesyonèl.
- Ofri referans bay lòt sèvis sipò pwofesyonèl.
- Bay asistans jeneral pou retounen travay oswa pou rete nan travay.
- Bay konsèy sou fason pou antre nan mache travay la ak aranjman ki rezonab selon Lwa pou Ameriken ki gen Andikap la (Americans with Disabilities Act, ADA).
- Sèvi kòm resous sou zafè andikap, travay ak devlopman mendèv.
- Kolabore avèk travayè sosyal ekspè ki lisansye atravè Konsèy la pou abòde nenpòt pwoblèm sante mantal ki ka afekte kapasite yon travayè ki sibi domaj pou l retounen nan travay la avèk sikse.

Pou plis enfòmasyon, ale sou wcb.ny.gov/vocrehab, voye yon imèl bay vocrehab@wcb.ny.gov oswa kontakte Konsèy la nan **(877) 632-4996** epi mande pou "vocational rehabilitation assistance" "(asistans pou reyabilitasyon pwofesyonèl)".

Sa ou dwe konnen si w gen yon domaj oswa maladi ki gen rapò ak travay:

- Kenbe kontak ak patwon w sou opsyon pou w retounen travay.
- Travay avèk pwofesyonèl swen sante w pou jwenn otorizasyon pou travay — kit ou kapab retounen nan travay la nèt, kit ou kapab travay avèk restriksyon ki defini.
- Kominike restriksyon medikal ou yo bay patwon w pou jwenn opsyon travay ki nan limit kapasite w yo.
- Si w gen yon andikap, ou ka mande patwon w lan pou yon akomodasyon ki rezonab pou w ka retounen travay.
- Si w retounen travay pou yon salè ki pi ba poutèt domaj ou sibi ki gen rapò ak travay, ou ka resevwa avantaj pou konble diferans la.
- Swen medikal pou domaj ou genyen ki gen rapò ak travay se yon avantaj pou lavi.
- Si ou ka travay men ou paka retounen nan travay ou a, ou dwe chèche travay nan limit restriksyon w yo.
- Patwon yo pa gen obligasyon pou yo kenbe travay ou pou ou. Kenbe kontak ak patwon w sou estati travay ou.
- Ou ka gen dwa pou jwenn konje ki pa peye atravè Lwa sou Konje Familyal ak Medikal (Family and Medical Leave Act, FMLA) federal la.
- Diskriminasyon toujou entèdi!
- Ou ka gen pwoteksyon selon Lwa pou Ameriken ki gen Andikap la — pale ak yon konseye pou reyabilitasyon pwofesyonèl pou jwenn plis enfòmasyon.

SIPÒ NAN MOMAN KRIZ: Èske w nan yon moman kriz, ap eksperimente detrès emosyonèl oswa gen enkyetid pou yon moun ou konnen? Rele oswa **voye yon mesaj tèks nan 988** oswa kominike atravè tchat sou **988lifeline.org**. Resous sa yo disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7.